

Lis kontwòl: Planifikasyon pou Klas An pèsòn yo

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
<p>Tcheke timoun ou an chak maten pou siy maladi. Si timoun ou an gen yon tanperati 100.4 degre oswa pi wo, li pa dwe ale lekòl.</p> <p>Asire ou timoun ou an pa gen malgòj oswa lòt siy maladi, tankou yon tous, dyare, maltèt grav, vomisman, oswa doulè nan kò.</p> <p>Si timoun ou an te gen kontak pwòch avèk yon ka COVID-19, li pa dwe ale lekòl. Swiv konsèy sou sa pou fè lè ou konnen yon moun te ekspoze.</p>	
<p>Idantifye moun (yo) pou kontakte nan lekòl la pou ou kapab kontakte li si timoun ou an vin malad.</p>	<p><i>Non moun pou kontakte a (yo) nan lekòl la:</i></p> <p><i>Enfòmasyon pou pran kontak:</i></p>
<p>Abitye ou avèk sant tès COVID-19 nan zòn lan pou sizoka oumenm oswa timoun ou an vin gen sentòm. Sa yo ka gen ladan sant ki gen tès gratis disponib.</p>	<p><i>Opsyon tès nan zòn mwen an:</i></p>
<p>Asire ou timoun ou an ajou pou tout vaksen ki rekòmande yo, sa gen ladan vaksen pou grip la. Tout timoun ki gen laj pou ale lekòl dwe pran yon vaksen kont grip chak sezon, avèk eksepsyon ki ra. Sa enpòtan ane sa a sitou paske nou poko konnen si lè ou malad avèk COVID-19 anmenm tan ak grip la sa pral lakòz maladi ki pi grav.</p>	<p><i>Dat vaksinasyon kont grip la:</i></p>
<p>Repase epi pratike bon teknik pou lavaj men nan kay la, sitou anvan ak apre manje, lè ou etènye, touse, ak lè ou ajiste yon pwoteksyon figi oswa mask. Fè lavaj men an amizan epi eksplike timoun ou an poukisa li enpòtan.</p>	
<p>Abitye ou avèk fason lekòl ou an ap mete dlo disponib pandan jounen an. Anvizaje anbale yon boutèy dlo.</p>	
<p>Devlope woutin chak jou pou anvan ak apre lekòl—pa egzanp, bagay ki gen pou anbale pou lekòl nan maten (tankou dezenfektan pou men ak yon lòt mask an twal anplis (bakòp)) ak bagay pou fè lè li tounen lakay li (tankou lave men touswit ak lave mask an twal yo ki te sou li a).</p>	



cdc.gov/coronavirus

<p>Pale avèk timoun ou an sou prekosyon li dwe pran nan lekòl la.</p> <p>Ou ka mande pou timoun yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◦ Lave ak dezenfekte men yo pi souvan. ◦ Kenbe distans fizik avèk lòt elèv yo. ◦ Mete yon mask an twal. ◦ Evite pataje objè avèk lòt elèv, sa gen ladan boutèy dlo, aparèy, enstriman pou ekri, epi liv. ◦ Itilize dezenfektan pou men (ki gen omwen 60% alkòl ladan). Asire ou itilize yon pwodui ki san danje. FDA te fè rantrè pwodui ki gen metanòl toksik yo. Siveye kijan li santi l epi di yon granmoun sa si li pa santi l byen. 	
<p>Prepare yon plan an fanmi pou pwoteje moun nan fwaye a ki gen plis risk pou maladi grav.</p>	
<p>Asire ou ke enfòmasyon ou yo ajou nan lekòl la, sa gen ladan kontak dijans yo ak moun ki otorize vin chèche timoun ou an (timoun ou yo) nan lekòl. Si lis sa a gen ladan nenpòt moun ki gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19, prevwa idantifye yon lòt moun.</p>	
<p>Abitye ou avèk plan lekòl ou an konsènan fason yo pral kominike avèk fanmi yo lè yo idantifye yon ka pozitif oswa yon ekspozisyon avèk yon moun ki gen COVID-19 epi asire yo respekte vi prive elèv.</p>	
<p>Planifye pou posiblite fèmte lekòl oswa pou peryòd karantèn. Si transmisyon an ap ogmante nan kominote ou oswa si yo teste plizyè timoun oswa manm pèsonèl pozitif pou COVID-19, yo ka petèt fèmen bilding lekòl la. Menm jan tou, si yon kontak pwòch timoun ou an (andedan oswa deyò lekòl la) teste pozitif pou COVID-19, timoun ou an ka oblije rete lakay li pandan yon peryòd karantèn 2 semèn. Ou ka gen pou ou anvizaje posibilite pou reyalize teletravay, pran konje nan travay ou, oswa idantifye yon moun ki kapab sipèvizè timoun ou an sizoka gen fèmte bilding lekòl la oswa gen karantèn.</p>	
<p>Plan pou transpò:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◦ Si timoun ou an monte otobis, planifye pou timoun ou an mete yon mask an twal nan otobis la epi pale avèk timoun ou an sou enpòtans pou swiv règ otobis yo ak tout règ espasman plas yo. ◦ Si ou itilize pataj machin, prevwa pou tout timoun ki nan pataj machin lan ak chofè a mete mask an twal pandan tout vwayaj la. Si lekòl ou an itilize modèl kowòt la, anvizaje pou jwenn fanmi nan gwoup/kòwòt timoun ou an nan lekòl la pou fè pati pataj machin lan. 	
<p>Si timoun ou an gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan 504 oswa li resevwa lòt sipò pou aprantisaj (pa egzanp, leson patikilye), mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye.</p>	
<p>Si timoun ou an resevwa terapi lapawòl, terapi okipasyonèl oswa terapi fizik oswa lòt sèvis asosye ak sa nan lekòl la, mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye.</p>	
<p>Si timoun ou an resevwa sèvis pou sante mantal oswa pou konpòtman (pa egzanp, fòmasyon nan konpetans sosyal, konsèy), mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye.</p>	

Si lekòl ou an itilize yon modèl kowòt, anvizaje fè entèraksyon timoun ou genyen an pèsòn andeyò lekòl la rete sèlman avèk timoun ki nan menm kowòt la oswa limite a aktivite kote yo ka respekte distans fizik.	
Ranfòse konsèp distans fizik la avèk timoun ou an.	
Pale avèk administratè lekòl ou yo epi pwofesè yo sou plan pou edikasyon fizik ak aktivite fizik (pa egzanp, rekreyasyon). <i>Opsyon ki gen plis sekirite yo gen ladan rete deyò lè sa posib, diminye kantite moun ki nan yon espas andedan, epi ankouraje elèv yo rete nan omwen 6 pye distans youn ak lòt.</i>	
Mande kijan lekòl ou an planifye pou ede asire ke elèv yo swiv pratik pou redui pwopagasyon COVID-19.	

Pwoteksyon Figi An Twal Oswa Mask

Si lekòl ou an egzije oswa ankouraje pwoteksyon figi an twal oswa mask

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
Se pou gen plizyè mask, konsa ou kapab lave yo chak jou epi genyen ki pare kòm bakòp. Chwazi mask ki <ul style="list-style-type: none"> ◦ Ajiste yon fason byen sere, men ki byen alèz, sou kote figi an ◦ Kouvri konplètman nen ak bouch ou ◦ Sekirize avèk atach oswa bouk nan zòrèy ◦ Gen ladan plizyè kouch twal ◦ Pèmèt respire san restriksyon ◦ Kapab lave ak seche nan machin san domaj ni chanjman fòm 	
Make mask timoun ou an aklè avèk yon makè pèmanan pou yo pa konfonn avèk pa lòt timoun.	
Fè antrènman avèk timoun ou an sou fason pou mete ak wete mask yo san li pa manyen twal la.	
Eksplike enpòtans ki gen pou mete yon mask ak kijan li pwoteje lòt moun pou yo pa malad.	
Panse pale avèk timoun ou an apwopo lòt moun ki gendwa pa kapab mete mask pou rezon medikal (pa egzanp, opresyon).	
Montre egzanp an fanmi sou fason pou mete mask yo, sitou lè ou nan sitiyasyon kote distans fizik difisil oswa enposib pou respekte.	
Si ou gen yon jenn timoun, ede ranfòse konfò li pou mete yon mask epi vin alèz lè li wè lòt moun avèk mask. <ul style="list-style-type: none"> ◦ Fè lwanj pou timoun ou an poutèt li mete yon mask kòrèkteman. ◦ Mete yon pwoteksyon figi an twal sou bèt boure yo. ◦ Desine yon pwoteksyon figi an twal sou yon pèsònaj nan liv li pi renmen. ◦ Montre imaj lòt timoun ki mete mask. ◦ Pèmèt timoun ou an chwazi mask ki koresponn ak nenpòt egzijans rad ke lekòl ou an ka genyen. ◦ Sijesyon ki soti nan Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) 	

Panse bay timoun ou an yon veso (tankou, sachè make ki kapab kachte) pou li pote nan lekòl la pou konsève mask li lè li pa mete l (pa egzanzp, lè l ap manje).


Konsiderasyon anrapò ak Sante Mantal ak Byennèt Sosyo-emosyonèl

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
Pale avèk timoun ou an sou aparans lekòl la ki pral diferan (pa egzanzp biwo yo ki lwen youn ak lòt, pwofesè yo ki kenbe distans fizik, posibilite pou rete nan salklas la pou manje midi).	
Pale avèk timoun ou an sou fason lekòl la pral dewoule ak konsènan entèraksyon avèk kamarad klas yo ak pwofesè yo. Dekouvri kijan timoun ou an santi l epi fè li konnen ke sa li petèt santi an nòmral.	
Prevwa chanjman konpòtman kay timoun ou an. Siveye chanjman tankou kriye twòp oswa iritasyon, twòp enkyetid oswa tristès, abitud manje oswa abitud dòmi ki pa bon pou sante, difikilte pou konsantre, sa ki gendwa siy ke timoun ou an gen difikilte avèk estrès ak anksyete .	
Eseye asiste aktivite ak reyinyon yo nan lekòl la. Lekòl yo gendwa ofri pifò nan sa yo ak mwayen vityèl. Antanke paran, si ou rete enfòm ak konekte, sa gendwa diminye santiman ansyete ou epi bay yon fason pou ou fè konnen nenpòt enkyetid ou petèt genyen konsènan lekòl timoun ou an.	
Mande lekòl ou an nenpòt plan pou diminye prejije ki ka genyen anrapò lefèt ke yon moun gen oswa yo sispèk li gen COVID-19.	
Tcheke si lekòl ou an gen nenpòt sistèm an plas pou idantifye ak bay sèvis sante mantal pou elèv ki bezwen sipò. Si genyen, idantifye yon kote/moun pou kontakte pou sèvis sa yo nan lekòl ou an.	<i>Non moun pou kontakte a nan lekòl la:</i> <i>Enfòmasyon pou pran kontak:</i>
Tcheke si lekòl ou an gen yon plan pou ede elèv yo adapte yo pou retounen nan lekòl. Elèv yo ka petèt bezwen èd pou adapte yo ak fason COVID-19 te deranje lavi toulejou. Sipò an ka gen ladan konsèy eskolè ak sèvis sikolojik (sa gen ladan konsèy pou ka dèy), pwogram ak pwogram detid ki konsantre sou aprantisaj sosyo-emosyonèl (Social-Emotional Learning, SEL), ak gwoup sipò kamarad/sosyal.	
Tcheke si lekòl ou an pral bay fòmasyon pou elèv yo sou plèn konsyans, kote yo entegre SEL nan pwogram detid salklas la (swa ak mwayen vityèl oswa an pèsòn), oswa soutni kapasite yon timoun pou sipòte estrès ak anksyete. Si yo pa bay li, prevwa poze kesyon sou fason pou ajoute sa nan aprantisaj timoun ou an lakay li.	
Ou kapab yon modèl pou timoun ou an si ou pratike swen pèsònèl: <ul style="list-style-type: none"> ◦ Pran poz ◦ Dòmi anpil ◦ Fè egzèsis ◦ Manje byen ◦ Rete konekte sosyalman 	

Kijan pou mete pwoteksyon figi an twal oswa mask yo

METE PWOTEKSYON FIGI OSWA MASK OU KÒRÈKTEMAN

- Lave men ou anvan ou mete mask ou
- Mete li sou nen ou ak bouch ou epi fikse li anba manton ou
- Eseye adapte li byen sere kont bò figi ou
- Asire ou kapab respire fasilman



METE YON PWOTEKSYON FIGI OSWA MASK POU PWOTEJE LÒT MOUN

- Mete yon mask ki kouvri nen ak bouch ou pou ede pwoteje lòt moun sizoka ou enfekte avèk COVID-19 men ou pa gen sentòm
- Mete yon mask nan andwa piblik yo lè ou ozalantou moun ki pa abite nan fwaye ou, sitou lè li gendwa difisil pou ou rete nan sis pye distans
- Mete yon mask kòrèkteman pou yon pwoteksyon maksimòm
- Pa mete mask an toutotou kou ou oswa anlè sou fwon ou
- Pa manyen mask an, epi, si ou manyen li, lave men ou oswa itilize dezenfektan pou men pou fè dezenfeksyon

